ngëm day ràpp ci biiru kenn ci yéen kem ni yéere bu ràpp di ràppe, ñaanleen Yàlla mu yeesal ngëm ci séen i xol

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Amr Ibnul Haasi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ngëm day ràpp ci biiru kenn ci yéen kem ni yéere bu ràpp di ràppe, ñaanleen Yàlla mu yeesal ngëm ci séen i xol».

[Wér na] [Al-haakim soloo na ko, ak At-tabaraaniy]

Leerarug hdiisb: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne ngëm day ràpp ci xolu jullit bi di néew doole, kem ni yéere bu bees di ràppe ndax li ñu ko yàgg a jëfandikoo; Li koy waral nag mooy lott ci jaamu ga, ak toggoo moy ya, ak nuur ci bànneex yi. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- digal nu nuy ñaan Yàlla mu kawe mi mu yeesal sunug ngëm, ci nuy def farata yi ak di baril di ko tudd ak jéggalu.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65020